



Grade 12 Procedure

Kirundi



Ishuri rya12, itegugwa rw'amanota
y'igice ca Spring

(Abarangiza – ishuri rya 2020)

- Abarangiza mu mwaka wa 2020 bashobora kurangiza bafise ama credits 20: Ibiharuro (4), Ikingereza (4), Science (4), Social Studies (2), kongerako ayandi ma credits 7 y'ivyigwa bahitamwo. Ibindi vyose bijanye na credit zo kurangiza baravyihoreye.
- Ibibazo vyose bisabwa muguheza amashuri baravyihoreye, harimwo no gukora canke/ no gutsinda Civics, ikibazo ca ACT/SAT. Ikindi naco, EOCS hamwe na TNReady ntibizokoreshwa muguharura amanota yo muri Spring.
- Abanyeshuri barangiza ntibazoronka amanota ari munsi yayo bari bafise mu kwezi kwa Gatatu itariki 20,2020.
- Abanyeshuri bashobora kubona uko bongera amanota (ayo bashobora kongera ku ya nyuma) muri AP, IB, statewide Dual Enrollment, CLEP, na Industry Certification, batagomveye gukora ikibazo ca nyuma co kurangiza. Ibi biraba gusa ivyigwa bisanzwe bisaba gukora ikibazo mu mpera z'igice ca Spring 2020.
- Abarimu bazoca bashira amanota y'igice ca gatatu muri Aspen. Ayo manota y'abbarangiza azoshobora guhabwa abavyeyi tariki ya 24, 2020.

Amanota ya nyuma yo muri Spring

- Hagati yo ku wa Gatanu, itariki 24 z'ukwa Kane no ku wa Gatatu, itariki 29 z'ukwa Kane, abanyeshuri bazorabira hamwe n'abavyeyi amanota y'igice ca gatatu muri Aspen bace bahitamwo kimwe muri ibi:
 - a) Kwemera amanota bamuhaye kuri ico gice ca gatatu kwariyo ya nyuma yo muri iki gice kirangiza ca Spring 2020. Bigenze gutya, umunyeshuri nta kindi akeneye gukorango asubiramwo ivyo bize ngo aduze amanota yiwe.
 - b) Amanota ntazokwigera aja hasi yayo bari bafise kwi tariki ya 20 y'ukwa gatatu, 2020, ariko abanyeshuri bashobora gukora ivyigwa uko bagenda babironka, Hanyuma bakazobiha mwarimu hagati yo ku wa gatanu, itariki 1 y'ukwa Gatanu, 2020 no ku wa Mbere, itariki 18 z'ukwa Gatanu, 2020, kugira ngo barabe ko boduza amanota y'igice ca gatatu. Kubera amagara n'umutekano w'abanyeshuri n'abarimu, amanota yose azotangwa kwi tumanako rya kijambere muri Aspen., Convas, canke Email. Abarimu bazobarira abanyeshuri uburyo bazokoresha.

- Abarimu bazoraba ivyo abana batoye (A canke B) babiraba muri Aspen. Bazoca bakora uko bashoboye bavugishe abana canke abavyeyi batahisemwo uburyo bumwe ku tariki ya 1 y'ukwa Gatanu, 2020, babarondero nibura incuro (3) kandi igithe cose bavyandike muri Aspen. Bazoca baioresha amanota yo mu gice ca gatatu niba imiryango ataco yasubije.
- Abarimu bazotanga amanota ya nyuma ya Spring 2020 kwi tariki ya 21 y'ukwa Gatanu, 2020.

Abarangiza batsinzwe igice ca gatatu, Q3

Ku barangiza bari gutsindwa igice ca gatatu, aba principals babo bashobora gutora kimwe muri ibi:

- a) Guvana umunyeshuri mw'ishuri asanzwemwo akaja aho bamufasha kugira ashobore gutsinda ico cigwa; canke
- b) Kurekera umunyeshuri mw'ishuri asanzwemwo, bakabaha umuntu abafasha igithe bari gukora ibisabwa ngo barangize.

Ibindi bishobora kubafasha

- Amanota yose ya nyuma ya Spring 2020 y'abaringiza azoba afise urugero rw' amanota bita GPA rwerekana abatsinze .

Abafashwa bose mu rwego rwa IEP na programa za 504 zifasha abana bafise ubumuga, ivyo vyose bigomba gukurikizwa ku bana barangiza kandi bifuza kuduza amanota yabo.

- Abari muri Dual Enrollment courses, amanota azokomeza atangwe n'ababishinzwe yaba ari umwarimu wa Knox County canke ari uwundi. Ibi vyigwa ntibikurikiza amategeko y'ibindi bafata. Nimba hari abipfuza kubihindura bagafatamwo bimwe, bashobora kuja kuraba principal wabo.
- Abaringiza bari muri programa ya Night Alternative bazofashwa n'ishuri ryabo kugira ngo babone uwubafasha kwiga ngo barangize muri programa yitwa Edgenuity.
- KCS izongera yemerere abari muri Recovery Credit gufashwa muri Edgenuity kugira ngo barangize.
- Principals have the discretion to enroll seniors in fourth-quarter courses they missed due to the extended closure (Personal Finance, Economics, Psychology, and Sociology) for new credits through Edgenuity. Kubera amashuri yagumye yugaye, aba principals bafise ukuntu bofasha abanyeshuri kurangiza igice ca kane bakabona ama credits yabo bari gufashwa muri Edgenuity (Personal Finance, Economics, Psychology, and Sociology)

* Edgenuity muri KCS itangigwa ku murongo (online)